



Chanjman Enstriksyon yo pou Adrès

DEPI OU RESEVWA YON LÒD SIPÒ TIMOUN, ou dwe fè OCSE konnen nenpòt chanjman nan adrès kay ou ak/oswa nan adrès postal ou. Si enfòmasyon sa yo chanje pou nenpòt paran, li enpòtan pou paran an fè OCSE konnen sa san pèdi tan.

Gen anpil chwa:

- **Rele tout Liy Èd Sipò Timoun Eta New York** pou pale avèk yon anplwaye sèvis kliyan ant 8 a.m. ak 7 p.m., depi lendi jiska vandredi: (888) 208-4485; oswa TTY (Moun ki Gen Pwoblèm pou Tande): (866) 875-9975.
- **Ale sou sitwèb Divizyon Egzekisyon Sipò Timoun Eta New York [New York State Division of Child Support Enforcement]** (NYS DCSE): www.childsupport.ny.gov. Gen yon lyen nan meni ki agoch paj-dakèy la pou konekte sou kont ou. Y ap mande ou pou antre Nimewo Sekirite Sosyal ou ak PIN nou te ba ou pou kont ou. Answit chwazi swa “Custodial Parent Services” (Sèvis pou Paran k ap Viv avèk Timoun) oswa “Non-Custodial Parent Services” (Sèvis pou Paran ki p ap Viv avèk Timoun) nan meni an epi swiv lyen k ap mennen ou nan “Update CP Information” (Chanje Enfòmasyon CP) oswa “Update NCP Information” (Chanje Enfòmasyon NCP).
- **Voye yon demann alekri k ap gen ladan yon kopi yon ID ou ki gen foto avèk yon siyati nan adrès:**

**Biwo Egzekisyon Sipò Timoun Vil New York
(NYC Office of Child Support Enforcement)**

PO Box 831, Canal Street Station
New York, NY 10013

- **Pote yon ID ki gen foto avèk yon siyati nan:**
Sant Sèvis Kliyan OCSE san Randevou (OCSE Customer Service Walk-In Center)
151 West Broadway, 4th floor
New York, NY 10013
Orè Biwo a se: ant 8 a.m. ak 7 p.m., lendi–vandredi

Kote pou Fè pou Ale

Sant Sèvis Kliyan OCSE san Randevou (OCSE Customer Service Walk-In Center) nan Pwent Sid Manhattan nan 151 West Broadway, de (2) blòk alwès Broadway epi twa (3) blòk onò Chambers Street.

Pou rive nan biwo nou ou kapab pran nenpòt nan tren sa yo:

- A, C, 1, 2, 3, J, Z pou rive nan Chambers Street
- E pou rive nan Canal Street
- Tren 4, 5, oswa 6 pou rive nan Brooklyn Bridge/City Hall